



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU DÒZ SIPLEMANTÈ COVID-19 YO

"Antanke Gouvènè, mwen pran angajman pou m pwoteje sante ak sekirite tout Nouyòkè yo, epi ak jou ferye yo k ap vini, nou dwe kontinye fè tout sa nou kapab pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi anpeche pwopagasyon COVID-19 la.

"Nou konnen vaksen an non sèlman ralanti pwopagasyon an, men tou li amelyore rezilta yo epi redwi estrès ki peze sou do lopital nou yo ak sou sistèm swen sante nou yo. Dr. Fauci te fèk remake ke mete dòz siplemantè a disponib pou tout moun 'absoliman esansyèl' pou konbat viris mòtèl sa a - sitou pliske moun yo kòmanse rasanble anndan kay pou rasanbleman jou ferye yo.

"M ap vrèman ankouraje tout Nouyòkè ki abite oswa ki travay nan yon anviwònman ki gen gwo risk pou yo pran dòz siplemantè a. Mwen te resevwa dòz siplemantè a, e mwen kwè pèsonn ki santi yo a risk pa ta dwe refize pran yon dòz siplemantè COVID-19. Si w santi w a risk, tanpri pran dòz siplemantè a."

###

Lèt nouwèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)